

MIZOPWEN MICHELE DUVIVIER PIERRE-LOUIS

M remèsye tout moun, jèn, peyizan, mè, pè, pastè, vodouyizan, entelektyèl, atis, òganizasyon katye popilè yo, òganizasyon fanm, òganizasyon dwa moun, dyaspora Ayisyen an, manm la près, manm sektè prive an, manm kominote entènasyonal la, ansanm ak tout zanmi isit tankou lòtbòdlo ki manifeste senpati yo ak solidarite yo fas ak kanpay zen ak medizans k ap sikile sou mwen depi Prezidan Préval mande m pou m dirije pwochen gouvènman an.

Yon gwo mèsì pou tout moun sa yo pou soutyen yo, pou angajman yo kòm sitwayen, nan moman difisil peyi an ap travèse jounen jodi a.


Yon gwo mèsì tou pou fanmi m ki pa janm febli nan montre m afeksyon l, espesyalman pitit fi m ki fenk ba m premye pitit pitit mwen.

Depi 1986, an plizyè fwa, yo mande m pou m antre nan gouvènman osnon nan lòt enstitisyon piblik. M te toujou refize. M te pito kontinye travay mwen nan sosyete sivil la bò kote jèn yo, peyizan yo, sendika yo, òganizasyon k ap defann dwa moun ak dwa fanm yo, Legliz yo, atis ak atizan yo. Tankou nou wè l deja nan kourikoulòm vite m, m travay nan anpil sektè nan peyi a tankou sektè prive, enstitisyon Leta, nan anpil pwojè devlopman toupatou nan peyi a, ki resevwa lajan nan men pi fò ajans nasyonal ak entènasyonal yo. Tout kote sa yo, yo toujou rekonèt entegrite m ak sans moral mwen.

Jodi a, mwen reponn apèl Prezidan Préval la pou m sèvi peyi m k ap travèse yon lòt gwo kriz. Mwen asepte pran gwo desizyon sa la tèt wot. M konnen se nan domèn politik la m ap angaje m, sa vle di nan batay pou sa yo rele enterè kolektif ak byen komen rete kòm sèl gid mwen. M konnen m ap bezwen anpil kouraj ak sajès pou m afwonte tout kalite pwoblèm ak difikilte ki pral prezante devan m. Men, diyite m pa pèmèt mwen kite pèsòn fè m pedi tan m ak eneji m nan deba sou zen ak medizans. M konnen tou ak gwo mouvman solidarite ki fèt isit ak lòtbòdlo an, m pa pou kont mwen nan batay sa.

Ann travay ansanm, an ijans, pou nou wè kouman pou nou rezoud pil pwoblèm serye k ap boulvèse bil pi fò moun nan peyi a.

Mesi.



Michèle Duvivier Pierre-Louis

1 jiyè 2008